

Defansè Kont  
Vyolans Seksyèl ak  
Vyolans nan Kay

TI LIV  
**ENFÒMASYON**  
SOU

**TRAFFIK**

MOUN

N ap kolabore pou

**FINI**

ak Esklavaj Modèn

Dezyèm Edisyon 2004

Defansè Kont Vyolans  
Seksyèl ak  
Vyolans nan Kay

TI LIV  
**ENFÒMASYON**  
SOU  
**TRAFIK**  
MOUN

N ap kolabore pou  
**FINI**  
ak Esklavaj Modèn

Dezyèm Edisyon 2004



# TABMATYÈ

Sa kin an tiliv la	1
Enfòmasyon debaz ak definisyon	2
Endemnite Disponib pou Viktim trafik moun	6
Lwa ki Aplikab	8
Trafike moun ak Vyolans nan kay ak Seksyèl: Konstwi sou konesans nou	9
Pale koze Trafik moun ak Klyan ou	11
Kesyon pou detèmine si yon moun elijib pou endemnite anba lwa TVPA.	12
Yon repons Kominotè ak sityasyon Trafik moun:Wòl Sant pou Vyolans nan kay yo	14
Lis kontwòl pou Asistan Sosyal yo	16
Resous	17



# SA KI NAN TI LIV SILA A

**T**i liv sila a fèt pou defansè kont vyolans nan kay ak vyolans seksyèl. Li ofri enfòmasyon de baz sou trafik imen epi sou kijan yo kapab idantifye epi ofri asistans bay yon moun ki viktim trafik. Pwogram vyolans nan kay ak vyolans seksyèl ape travay ak viktim trafik ki fè li enpòtan pou defansè yo genyen enfòmasyon presi sou kisa pou yo fè epi sou ki kote pou yo jwenn èd.

Vyolans nan kay, vyolans seksyèl ak trafik moun se diferan kalite fòm eksplwatasyon ki fè yo merite diferan kalite repons nan men defansè yo—men, genyen tou plizyè resanblans enpòtan pou nou konnen. Ti liv sila a pral ede defansè yo konprann viktim trafik yo epi tou kijan moun sa a kapab viktim nan plizyè fòm eksplwatasyon ki kapab bezwen asistans nan men plizyè moun ak plizyè òganizasyon.

Enfòmasyon sou resous ki disponib yo, y konpri pwogram nan Eta Florid, liste nan fen ti liv sa a.

“Lajistis fè yon pèkizasyon nan yon seri bòdèl nan zòn riral sid Eta Florid, kote jèn tifi Meksikèn, kèk ki te genyen apèn 13 lane, te fòse fè sèks ak plizyè douzèn nonm nan yon grenn jounen. Temwayaj move abi fizik, adiksyon ak dwòg, ak avòtman fòse vin fè yon jij federal deklare ka trafik sa a “youn nan krim ki pi abominab, pi degradan, pi degoutan, pi kondanab li janm rankontre.”

“Sou Esklavaj Moun”  
Kate O’Beirne  
(nan Magazine National Review)  
Fevrye 1998

## VYOLANS NAN KAY, VYOLANS SEKSYÉL AK TRAFIK MOUN

# ENFÒMASYON DEBAZ AK DEFINISYON

## Kisa ki trafik moun?


**Yon definisyon jeneral:** Trafik moun egal a rekrute, ebèje, transpòte, livre oswa jwenn, pa nenpòt ki manyè, nenpòt ki moun pou fè travay oswa sèvis ki gen pou wè ak travay fòse, esklavaj oswa eksplwatasyon nan nenpòt ki endistri, tankou patisipasyon pa fòs oswa pa kontrent nan agrikilti, pwositisyon, manifakti, oswa lòt endistri oubyen ankò nan sèvis nan kay oswa nan maryaj.<sup>1</sup>

**Lwa Pwoteksyon Viktim Trafik lane 2000** la se yon lwa federal ki defini trafik moun, oswa yon "fòm grav trafik moun" tankou:

- Trafik seksyèl kote yon moun vin pèsyade fè komès sèks, swa pa fòs, swa pa koripsyon swa pa kontrent, oubyen si moun yo pèsyade fè aksyon sa yo gen mwens pase 18 lane; oswa
- Rekrute, ebèje, transpòte, livre oswa jwenn yon moun pou travay oswa sèvi, pa la fòs, pa koripsyon oswa kontrent, nan objektif pou mete moun la nan sèvitid kont volonte li, fèmen moun la kont volonte pou li repeye yon dèt (peyonaj), esklavaj pou dèt, oswa nenpòt kalite esklavaj.

<sup>1</sup>Definisyon Rezo Libète itilize, apati definisyon trafik moun lwa kriminalite federal la.





## Kilès yo trafike?

Yo trafike timoun, fanm kou gason, sepandan majorite moun dakò se fanm ak timoun ki pi souvan viktim trafik moun. An jeneral trafikè yo fè kadejak sou moun ki pi fèb yo; moun ki pi pòv, sa ki andikape, pi jèn yo oswa pi granmoun yo, moun ki pa ka konn li oswa moun ki gen yon nivo edikasyon ki fèb, oubyen moun ki pa konn ple angle.

- Gouvènman an estime genyen ant 18000 ak 50000 moun ki trafike nan Etazini.
- Anndan Etazini, trafikè yo sible moun ki pi fasil yo poutèt yo pa genyen kote pou rete, yo se de jèn moun ki kouri kite lakay yo oswa yo adikte a kèk sibstans.
- Yo ka fè trafik ak moun lòt peyi menm jan ak moun Etazini.
- Yo ka fè trafik moun nan Etazini, andedan ak deyò peyi a.

## Kilès ki pi fasil kapab wè oswa dekouvri yon viktim trafik moun?

Trafik moun se yon aktivite klandestin. Trafikè yo veye epi kontwole viktim yo. Viktim yo kapab kache yon manyè pou moun pa wè yo oswa yo kapab dwat anfas nou, ap travay nan de kote tankou restoran, ba, lotèl, faktori ak nan chan. Travayè nan sèvis sosyal yo ak lajistis se souvan pwemye pwofesyonèl ki rankontre viktim trafik moun yo.

Trafikè yo sible moun ki **PI**  
**FASIL YO**

## Yo kapab rankontre Viktim trafik moun nanpratikman nenpòt ki sitiyaasyon:

- Komès seksyèl
- Sèvitid domestik
- Restoran, ba, ak endistri manje
- Komès dwòg
- Konbin pou fè chache fanm pou marye soti aletranje
- Moun ki mande lacharite
- Konpitè
- Endistri Konstriksyon
- Faktori
- Travay nan chan ki anplwaye etranje
- Endistri ki bay sèvis tankou mezon retrèt (kote yo bay swen moun ki granmoun)
- Sèvis netwayaj



Yon moun pa  
chwazi pou

li tounen viktin  
trafik moun

## Trafikè moun pa menm ak pasaj klandesten

**PASAJ KLANDESTEN** se an jeneral yon aksyon volontè; yon moun chwazi kite yo transpòte li, an jeneral sou lòt bò yon fwontyè. Relasyon ant pasè klandesten an ak moun li ape fè pase yon manyè ki ilegal an jeneral fini lè moun la fin pase fwontyè a. Kòb vwayaj klandesten a peye a lavans oswa pafwa lè moun la rive nan destinasyon. Tandiske, **TRAFIK MOUN** a li menm li pa janm volontè; yo manti moun yo, trike yo epi menm fòse yo travèse fwontyè a. Relasyon ant transpòtè a ak viktim la kontinye lontan apre yo fin rive nan destinasyon. Trafikè a kenbe tout dokiman legal viktim la, menase li oswa fanmi li si li pa obeyi trafikè a epi pi souvan maltrete yo fizikman. Trafikè a enpoze de gwo dèt sou viktim trafik moun an pou “transpò” epi fòse viktim la travay pou repeye dèt sa yo. Pasè klandestin a kapab tounen yon trafikè moun lè li itilize menas fizik oswa nenpòt ki kontrent kont klandesten an oswa “vann” moun la ak tout dèt transpò a bay yon trafikè.

Lèt  
Sètifikasyon  
HHS la

louvri  
chimen

pou  
resevwa  
peman  
bonjan  
endemnite  
(benefis)  
ak èd.

### SÈTIFIKASYON: Kisa li ye? Pouki sa li enpòtan?

Sètifikasyon se yon mo yo itilize pou dekri pwosesis Depatman Sante ak Sèvis Imen yo, Biwo Replasman Refijye (HHS oubyen ORR) anplwaye pou anonse ofisyèlman yon moun se yon “viktim fòm sevè trafik moun.” Lèt sètifikasyon HHS la louvri chimen pou resevwa peman bonjan endemnité (benefis) ak èd. Pou li kapab sètifye, yon moun adilt (men pa ti moun) genyen pou li bay asistans “nan tout manyè ki rezonab” nan ankèt ak pwosè trafikè yo. (Timoun ki genyen mwens pase 18 lane pa bezwen ranpli kritè sila a.) Aplikan yo genyen tou pou yo aplike pou yon viza T oswa pou yo se de moun “prezans kontini” yo nesèsè pou mennen pwosè kont trafikè yo. HHS bezwen yon deklarasyon soti nan lajistis ki deklare viktim yo ape kolabore ak yo (deklarasyon lajistis pa nesèsè pou yo deklare yon timoun elijib pou resevwa endemnité). Jwenn sètifikasyon pou yon viktim trafik moun se pa sèlman yon travay ranpli kèk fòm oubyen voye yon lèt. Se yon pwosesis konplike ki pi fasil pou se yon avoka imigrasyon ki gen eksperyans ki pou mennen li. Defansè ki ape asiste viktim trafik moun yo, sepandan, kapab ede nan pwosesis sètifikasyon an nan manyè yo aprann viktim yodwa jeneral yo genyen, epi nan travay ak lajistis ak avoka imigrasyon yo pou asire yo konprann epi plede pou bezwen viktim la yon fwa li sètifye.

## **ENDEMNITE** Disponib pou viktim moun yo

Genyen endemnite ki disponib pou ni viktim ki sètifye ni viktim ki pa sètifye yo.

### **Viktim ki pa sètifye oubyen viktim ki pre-sètifye (prèske sètifye) kapab resevwa:**

Asistans legal. Li disponib pou popilasyon imigran ak refijye nan Eta Florid atravè plizyè ajans.

Yon seri sèvis ki soti depi ebèjman ijans pou rive nan jesyon dosye ak kontwòl sante. Sèvis sa yo disponib atravè pwogram ki finanse pa Depatman Lajistis, Biwo pou Viktim Krim. Patnarya pou Libète nan Eta Florid (Florida Freedom Partnership) ki etabli nan sid Eta Florid se youn nan pwogram sa yo.

Yon pwogram ki ofri sèvis ki nesèsè pou pwoteksyon ak lavi. Yon egzanp kalite pwogram sila yo se yon sant ebèjman pou vyolans nan kay; asistans sila a disponib pou viktim krim kèlkilanswa kondisyon imigrasyon oswa sètifikasyon li.

Manje, ebèjman, konsèy nan moman kriz ak lòt sèvis. Sèvis sila yo disponib selon ka a anba pwogram federal asistans viktim krim, tankou sa FBI la oswa Biwo Avoka Etazini a ofri. "Espesyalis Viktim yo" nan biwo federal sa yo kapab ede ak bezwen sila yo ansanm ak lòt bezwen.

Reparasyon pou Viktim Krim nan Eta Florid. Reparasyon pou viktim sèten krim nan Eta Florid disponib kèlkilanswa kondisyon imigrasyon viktim la.

### **Anplis kantite sèvis endemnite ak reparasyon nou gentan dekri, viktim ki sètifye yo elijib pou resevwa:**

Rasyon alimantè, èd lajan kach, asistans medikal, ak lòt sèvis. Anba TVPA a, viktim sètifye yon fòm sevè trafik moun ki pa sitwayen ameriken kapab resevwa kèk endemnite sosyal (TANF, Medicaid, lajan Sekirite Sosyal, lajan Refijye, Match Grant, Kontwòl sante, ak Rasyon Alimantè) epi asistans nan men youn nan kantite sant ki founi sèvis bay refijye ki sitye nan tout Eta Florid tankou si yo te refijye. Pwogram sa yo founi yon gwo kantite sèvis: aprann yo yon metye ak kijan pou chèche travay, aprann yo Angle tankou dezyèm lang, konesans yo bezwen pou siviv, ankadreman ak konsèy, asistans pou ebèjman ak transpò.

“ Kat mesye yo rakonte yon istwa abi imen enkwayab. Yo ramase bokit fwi depi solèy leve jouk pou li kouche. Yon semèn sèt jou nan rekòlt zoranj yo kapab rapòte yo \$15. Majò dòm sou traktè kondwi monte desann ranje zoranj yo, ap veye chak jès yo. Yo di yo si yo chape, yap resevwa baton ak yon katouch. ”

“Laperèz epi Nou te Konnen nan Immokalee,”  
 (“Fear and Knowing in Immokalee”)  
Candace Rondeaux.  
St. Petersburg Times,  
1er Desann 2002.

## **Konsèy DEFANSE**

**Tout moun ki pa yon sitwayen ameriken kouri risk pou yo depòte li.**

## Enpòtan

pou sètifikasyon polis  
lokal, Prezans  
kontini ak Viza T

Anba Lwa reotorizasyon Pwoteksyon viktim Trafik moun lane 2003, Depatman Homeland Security (DHS) ak Sante ak Sèvis Moun (Health and Human Services HHS) gen pou konsidere tou deklarasyon otorite lokal ak nan nivo leta yo ki di viktim la “montre volonte pou li asiste nan tout manyè ki rezonab nan sa ki genyen pou wè ak ankèt epi pouswit jidisyè sou krim Leta oswa lokal tankou kidnaping, vyòl, esklavaj, oswa lòt vyolasyon travo fòse, kote de fòm trafik moun sevè anrejistre.”

**Asistans pou Imigrasyon–** Sa a se yon pati nan lwa federal la ki konplike anpil (asistans pou Imigrasyon pa disponib nan lwa leta a) kifè li enpòtan anpil pou defansè yo devlope relasyon travay ak avoka imigrasyon yon fason pou yo kapab refere kliyan yo kòrèkteman. Asistans pou imigrasyon ki disponib se:

- **Prezans kontini–** yo kapab akòde li oka yon ajans lalwa federal fè yon demann pou temwen potansyèl yo rete nan peyi a. Prezans kontini akòde atravè “libète kondisyonèl”, “an atant depòtasyon,” ak “aksyon an difere.”
- **Viza T–** li disponib pou yon viktim “yon fòm trafik moun sevè” ki, pami tout lòt bagay, an konfòmite ak “egzijans rezonab” lajistis ak enketè (oka moun lan gen mwens pase 18 lane, li pa bezwen ranpli kondisyon sa a.)
- **Viza U–** disponib pou moun ki viktim sèten krim vyolan, ki soufri anpil abi nan yon manyè ki grav anpil, epi ki ape ede nan ankèt ak nan pouswit jidisyè sou krim yo komèt sou yo. (Malgre regleman pou viza sa a pa janm ko emèt depi lwa a vote nan lane 2000, gouvènman federal la mete an plas yon pwosesis enterimè pou viza U a.)
- **Otorizasyon travay–disponib pou moun ki jwenn viza T oswa U, oubyen prezans kontini.** Lòt solisyon enkli Azil, Kondisyon Espesyal Imigran Jivenil, Viza S, ak VAWA – kapab disponib anba lwa imigrasyon, epi kou yo resewa li, li bay moun la otorizasyon pou li travay. Li enpòtan anpil pou konsilte ak yon avoka imigrasyon pou detèmine ki solisyon ki ale pi byen ak kliyan an.

# Lwa ki aplikab

## Repons Federal:

**Lwa sou Pwoteksyon Viktim Trafik Moun lane 2000**

**Lwa Reotorizasyon sou Pwoteksyon Viktim Trafik Moun lane 2003**

**Lwa sila yo fè gwo chanjman nan penalite pou kriminèl, endemnite, asistans pou imigrasyon, ak repons Etazini sou trafik moun nan lemond antye, pami lòt:**

- Krim federal ki kapab aplike nan trafik moun imen enkli esklavaj ak peyonaj, trafik seksyèl pou ti moun ak adilt, epi konfiskasyon ilegal dokiman viktim la.
- Koòdinasyon gouvènman federal la ant Depatman Deta, Travay, Sante ak Sèvis Imen, ak Lajistis.
- "Rapò anyèl sou trafik moun" kote Etazini kategorize tout peyi nan twa divizyon epi kapab enpoze sanksyon (pa bay èd) bay peyi ki gen pi move klasman pou rezon yo pa fè ase jefò pou konbat trafik moun.

## Lòt lwa sou Trafik Moun

**An plis TVPA a, gen lòt lwa ki kapab aplike nan ka trafik moun yo:**

- Sa yo gen ladann lwa federal kon kontreband èt imen, kidnaping, transpò ak pwostitasyon oubyen nenpòt aktivite seksyèl kriminèl, enpòtasyon etranje pou fè aktivite ilegal, pami lòt pwostitasyon, krim òganize ak rakèt, fwod ak fo deklarasyon, blanchiman lajan ak fwod viza.
- Mete sou sa, Eta Florid gen lwa kriminèl kont trafik èt imen, vwa de fè seksyèl, kidnaping, abi fizik, krim òganize ak rakèt, founi pwostitasyon, fwod ak lòt krim trafikè yo komèt. Restitasyon pou viktim krim sila yo konn disponib.

“Manjè dòm” sa yo jan yo rele yo nan endistri a, touche frè jiska \$5,500 dola nan men anplwayè yo tankou mezon retrèt yo ak pak amizman Eta Florid pou livrezon chak anplwaye ki siyen yon kontra yon-lane oswa de-lane pou fè travay nan kay, ki pa peye byen, Ameriken pi souvan refize fè. Entèmedyè yo oswa anplwayè yo pafwa dedwi frè pou ebèjman, transpò ak pou kèk lòt sèvis san yo pa eksplike anplwaye a kisa li ye. Yon memo ki fèk soti nan Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon deklare kontra sa yo kapab vyole lwa federal ki entèdi “trafik èt imen”.....”

“Prizonye nan lesklavaj lwen lakay yo”  
Walert Roche ak  
Willoughby Mariano,  
Baltimore Sun and  
Orlando Sentinel,  
15 septanm 2002

## Lòt solisyon sivil ak federal ki kapab disponib pou viktim yo enkli:

Lwa pou etranje sou reklamasyon pou deli

Lwa Pwoteksyon Viktim kont Tòti

Lwa sou Nòm Travay Ekilibre

Lwa travay Leta a

Reparasyon kontraktiyèl nan men leta

Reklamasyon pou deli

Kontrent fè pwostitisyon

Reklamasyon Ekitab/Reparasyon

## Trafike moun ak Vyolans Nan kay ak Vyolans Seksyèl: Konstwi sou konesans nou

Defansè yo ape travay ak viktim trafik moun yo koulyè a kifè yo bezwen konnen kijan pou yo idantifye yo epi ede yo.

### Vyolans kont fanm ak opresyon fè pati vyolans seksyèl, vyolans nan kay ak trafik moun.


Viktim trafik moun an jeneral **soufri plizyè fòm abi** ki enkli agresyon seksyèl ak lòt fòm vyolans patnè entim, kifè yo pral prezante bay sant pou vyolans nan kay (an patikilye pwogram konbine) ak pwogram vyolans seksyèl.


Defansè yo gen **labitid travay ak plizyè sistèm**, epi rekonèt vyolans nan kay ak vyolans seksyèl se bagay ki konplèks ki mande pasyans epi plizyè fòm asistans.

Defansè yo konprann enpòtans **aji an rapò ak sityasyon viktim la** epi enpòtans pou reponn bezwen chak viktim an patikilye.

Defansè yo konprann tou lòt eleman ki enpòtan anpil pou viktim trafik moun yo an patikilye enpòtans **konfidansyalite ak repons nan moman kriz**.

**Pwoteksyon ak reflechi sou pwoteksyon** se bagay ki pi enpòtan pou defansè yo epi ki kritik pou travay ak viktim vyolans nan kay ak seksyèl an menm tan ak viktim trafik moun.





“**Cherif Collier**  
County nan Naples, Eta  
Florid, repòn a yon apèl  
pou abi nan kay lakay  
Jose Tecum ak madanm  
li, kote li dekouvri yon  
timoun ki rele Maria,  
krentif nan yon ti kwen.  
Maria rakonte ak dlo nan  
je kijan Tecum fè li travay  
nan chan tomat nan  
lajounen epi vin vizite li  
nan chanm li lè lannwit  
tonbe.”

“Annou travay  
ansanm pou fini ak  
esklavaj modèn,”  
Lou de Baca,  
Chèf Lajistis,  
mwa Daout 2002.

## KONSÉY DEFANSE

### WÒL LAJISTIS

- Lajistis federal, biwo Komisè Gouvènman yo an patikilye, jwe yon wòl trè enpòtan nan repons lokal ak rejyonal kont trafik moun ak asistans pou viktim. TVPA a oblije lajistis verifye si yon viktim adilt ape kolabore nan yon manyè rezonab ak demann lajistis, anvan pou li resevwa oken endemnité. Lajistis jwe yon wòl enpòtan tou nan aplikasyon pou yon viza U. Anba lwa Reotorizasyon Pwoteksyon ViktimTrafik Moun lane 2003 a, HHS genyen pou li pran an konsiderasyon deklarasyon otorite lokal ak otorite leta a ki di si viktim la “aksepte kolabore nan tout manyè ki rezonab ak ankèt epi pouswit jidisyè sou krim tankou kidnaping, vyòl, esklavaj, ak lòt krim travay fòse, kote yo jwenn fòm trafik moun grav.”
- Li enpòtan anpil pou defansè yo konnen epi etabli bon jan relasyon travay ak lajistis nan nivo federal ak lokal ANVAN yon ijans vin aparèt.
- Parèy ak ka vyolans nan kay, li enpòtan pou kliyan an ou konprann tout opsyon ki disponib pou li, y konpri konsekans ki genyen nan travay ak lajistis epi chache endemnité.
- Fòk ou reyalis ak kliyan an ou. Pa bay kliyan an garanti lajistis pralbezwen kolaborasyon li epi ofri li lèt apwi kliyan ou bezwen pou li jwenn sètifikasyon.

## Pale koze Trafik Moun ak Kliyan ou

Sèl rezon pou yon defansè entewoje yon kliyan sou koze Trafik Moun se pou li ede detèminen dwa, endemnite ak asistans posib pou kliyan sa a. Kesyon sa yo kapab yon bousòl pou defansè a. Anvan ou kòmanse, fòk ou gen tan:

- Etabli konfyans
  - Eksplike wòl defansè ou
  - Di li kisa ou pral fè ak enfòmasyon li ba ou.
- Pouki sa pou ou poze yon kliyan kesyon sou Trafik Moun?
- Eksperyans ou ak sentiman ou di ou li gen dwa yon viktim trafik moun.
  - Si yo jwenn li elijib, kliyan an kapab benefisye anpil de resous, endemnite sèvis sosyal ak asistans pou imigrasyon ki disponib pou viktim trafik moun kidonk ou kapab ede li dirèkteman oswa refere li.
  - Ou kapab ede pwoteje li ak lòt ki viktim trafik moun lè ou kolabore nan pouswit jidisyè kont trafikè yo.
- Kijan pou idantifye yon viktim trafik èt imen.
- Li pral trè difisil pou yon moun idantifye tèt li tankou yon viktim trafik èt imen. An jeneral, moun la pral vin atire atansyon ou pou yon lòt rezon. Kifè, li fondamantal pou ou veyatif sou posibilite nenpòt moun ou rankontre kapab yon viktim trafik moun.
  - Pa entewoje moun lan—poze li kesyon jantiman.
  - Fòk ou genyen anpil sansibilite nan jan ou poze kesyon—ou kapab entimide li si ou kesyone li sou kondisyon estati imigrasyon li kifè li kapab dekouraje moun la pou li mande sipò ou.
  - Sonje: se pa yon list san fot kidonk fòk ou toujou ajiste kesyon sila yo pou ka chak kliyan.

## KONSÈY DEFANSÈ

Anvan pou ou kòmanse yon entèvyou, sonje mande: “Kisa ou bezwen nan menm?”



### PLANIFYE SEKIRITE AK TRAFIK MOUN

- **Vyolans nan kay ak trafik moun poze tou de gwo risk pou viktim yo. Nan de ka yo konfidansyalite kapital pou sekirite viktim lan.**
- **Moun ki sibi trafik sila yo menase pa krim òganize—yon menas ki siperyè pase sa yon grenn kriminel kapab reprezante.**
- **Nivo danje yo depann sou yon kantite faktè pami lèkèl domaj temwayaj viktim la kapab fè trafikè yo, epi ki nivo britalite yo ak gwosè rezo mafia a ye.**
- **Viktim yo riske plis danje plis yo izole tèt yo: yo kapab soti nan lòt peyi, yo kapab pa konn pale angle, yo pa fè lajistis konfyans epi yo pa konnen kijan pou yo chache èd ak sekirite.**

## KONSÈY DEFANSE

- Fòk ou toujou reyalis: pa gen garanti menm si moun la viktim trafik moun, ki di li pral jwenn endemnite oswa dokiman ak asistans nan men lajistis.
- Pa poze kesyon lè ou fèk rankontre moun la: menm si kesyon yo enpòtan pou endemnite yo, poze kesyon sa yo kapab entimidan pou moun la kifè li ka chwazi pou li pa fè ou konfyans.

## Repons a kesyon sila yo kapab ede defansè a detèmine si yon moun elijib pou endemnite anba lwa TVPA.<sup>1</sup>

### Kesyon Sekirite

- Èske ou menm oswa fanmi ou jwenn menas oka nou ta eseye kite?
- Nan jijman pa ou, ki sa ki pral rive ou si ou deside kite travay la?
- Kisa ki pral rive si ou tounen lakay ou / nan peyi kote ou soti?
- Eske w janm resewa menas pou yo voye w tounen nan peyi w?
- Èske ou deja bat ou? Èske yo deja enpeche ou bwè dlo, oswa manje, oswa dòmi, jwenn swen medikal (laswenyaj), oswa lòt bagay ou bezwen pou viv?
- Èske yo fòse ou mande pèmasyon pou bagay tankou manje, dlo, ak swen medikal?
- Èske yo janm menase fanmi ou?

### Kesyon Travay

- Kilès ki patwon ou?
- Èske patwon ou ba ou kote pou dòmi, rad, oswa inifòm?
- Èske ou siyen yon kontra? Kisa kontra a di?
- Èske ou dwe anplwayè ou kòb?
- Èske anplwayè ou di ou kisa pou ou di lajistis si yo vini? (pa egzanp., li di ou manti sou laj ou, sou relasyon ou genyen ak li, oswa sou travay ou?)
- Èske travay la mande pou ou oblije fè sèks?
- Èske ou granmoun pou ou kite travay la oswa sitiasyon a lè ou vle?
- Kisa ki kapab rive oka ou fè yon erè nan travay la?
- Ki kondisyon anplwa yo (an patikilye konbyen kòb yo peye ou ak konbyen è dtan ou travay?)
- Èske anplwayè ou konn kenbe salè ou (oswa fè ou peye pou chanm, ebèjman, manje, oswa transpò)?
- Èske kote ou travay la gen gad, oswa kamera videyo ki la pou veye yon fason pou pèsonn pa kite travay la?

<sup>1</sup>Sous travay yo: Safe Horizon, Christa Stewart, Stop Trafficking of People; An Introductory Resource, Migration and Refugee Services, USCCB; and FSU Human Trafficking Working Group members.

## Rezo Sosyal

- Èske yo otorize ou achte rad ak manje pou kont ou?
- Èske ou lib pou alevini jan ou vle? Èske gen règ sou kesyon sa a?
- Èske ou kapab kontakte (pa telefòn, oswa ekri) fanmi ou ak zanmi ou?
- Èske ou lib pou genyen relasyon ak yon moun?
- Èske ou izole, sètadi ou ka gen kominikasyon, ak kominote ou (moun ki genyen menm nasyonalite ak menm kilti avèk ou)?

## Orijin

- Èske ou vini o Zetazini pou yon rezon oswa pou fè yon travay an patikilye?
- Lè ou rive isit la, èske ou te gen pou fè travay ki diferan ak sak ou te espere?
- Èske yo kidnape ou oswa yo vann ou?
- Kilès ki okipe fè aranjman pou ou vwayaje epi pou jwenn dokiman pou ou vwayaje?

## Estatimigrasyon

- Ki estatimigrasyon ou? Èske ou gen otorizasyon pou travay o Zetazini?
- Èske ou genyen dokiman pèsònèl tankou papyè idantifikasyon, batistè, etc..? Sinon, kilès ki kenbe yo?
- Èske yo te di ou kisa pou ou di imigrasyon lè ou rive?

## KONSÈY DEFANSE

### MARYAJ ASÈVISMAN OSWA "MADANM SOU KÒMAND"

Yon kliyan kapab elijib pou asistans anba yon seri lwa imigrasyon, pami lèkèl TVPA a ak oto-deklarasyon imigran maltrete ki nan Lwa kont Vyolans sou Fanm. Pa egzanp, yo kapab trafike yon fanm ki an deyò Etazini fè li rantre nan yon sityasyon maryaj sèvitid nan Eta Florid kote "mari" li /trafikè a ape abize li fizikman, an menm tan lap fòse li travay. Etan done gen solisyon pou ka sa yo, li enpòtan pou defansè yo konsilte yon avoka imigrasyon ki kalifye epi aprann solisyon ki disponib yo.

## Yon repons kominotè ak sityasyon Trafik Moun: Wòl Sant pou Vyolans Nan kay yo

Yon repons kominotè miltidisciplinè koòdone (RKK oswa CRR an angle) se yon nan manyè pi efikas pou kominote yo pote sekou bay viktim trafik moun yo. Menm jan ak pou sivivan vyolans nan kay, viktim trafik moun yo genyen yon seri bezwen. Pou devlope yon repons kominotè sou kesyon trafik moun an sa pral mande patisipasyon anpil moun, ak ajans, epi òganizasyon. Sonje, li posib pou trafikè yo enfiltre plizyè nan òganizasyon lejitim ki nan kominote a, kidonk fòk nou vijilan.

Nan Eta Florid, sis ekip kominotè ki travay ak Refijye sityè nan Nò-ès Eta Florid, Tampa/St.Pete, Orlando, Palm Beach County, Broward County ak Miami-Dade County se de resous ki bon anpil epi se bon kote pou kòmanse travay pou fòme yon efò koòdinasyon lokal otou koze trafik moun. Yon RKK lokal kont trafik moun kapab genyen:

### Gouvènman Federal

- Depatman Lajistis / Minis Lajistis
- Koòdinatè Viktim Temwen
- FBI
- Depatman Homeland Security: BICE/BCIS/Border Patrol
- Depatman Travay

### Gouvènman Eta a

- Depatman timoun ak fanmi (sèvis refijye, pwoteksyon timoun)
- Minis Lajistis (Attorney General)
- Komisè Gouvènman (State Attorney)
- Defansè piblik (Public Defender)
- Depatman Travay
- Depatman Agrikilti (enspeksyon)

### Òganizasyon Non Gouvèmantal—Ajans ki pa chèche fè pwofi

- Gwoup etnik ki baze nan kominote a
- Pwogram vyolans nan kay ki sètifye
- Pwogram vyolans seksyèl

## KONSÈY DEFANSE

### ENTEPRETASYON

- Pa panse entèprèt la konprann kisa ki trafik moun la.
- Asire ou entèprèt la pa asosye ak trafikè a.
- Konprann kijan pou ou travay ak entèprèt yo, pa egzanp, eksplike yo se yon pwosede ki pran tan, mande yo pou yo fè tradiksyon mo-pou-mo.
- Se pa poutèt yo pale lang la, ki vle di yo pral konprann kliyan an, pa egzanp, genyen anpil diferans ant moun ki pale panyòl depandan nan ki peyi oswa nan ki rejyon yo soti ak ki nivo edikasyon yo.

# KONSÈY DEFANSE

## ANGAJMAN KOMINOTÈ AK TRAFIKÈ

Malgre li enpòtan pou viktim yo resevwa èd epi tou retounen nan kominote yo, fòk ou toujou sonje trafikè yo tou prezan nan kote sa yo. Fòk ou konnen trafikè a se kapab nenpòt moun; yon dirijan bank entènasyonal, yon ajan imobilye lokal, oswa yon famasyon – menm jan an tou se kapab yon manm gang kriminel oswa lòt entrepriz kriminel.

- Sèvis pou imigran legal
- Asistans pou refijye
- Òganizasyon ki bay timoun sèvis (Children's services organizations)
- Ekip pwoteksyon Timoun
- Sèvis jiridik lokal/asistans legal
- Òganizasyon ki baze sou la fwa (charite katolik yo, Sèvis Luteryen, Lame Disali, etc.)
- Sèvis entèprèt
- Òganizasyon asistans viktim krim
- Pwogram konsèy ak ankadreman kriz (Counseling Programs)
- Ebèjman pou sanzabri
- Òganizasyon travay (imigran, travayè nan fèm)
- Ajans adopsyon

### Gwoup Rejyonal/Lokal

- Kò espesyalize nan zafè refijye (Refugee Task Forces)
- Depatman Sante Komin yo
- Lajistis
- Gouvènman Komin la
- Kominote Edikatif: dirijan lekòl, pwofesè
- Konsèy vyolans nan kay lokal ak kò espesyalize yo
- Titè ad litem (titè pandan pwosè a)
- Tribinal adilt, timoun ak depandans

### LÒT ANKÒ

- Moun ki siviv trafik moun
- Kominote gwo biznis la
- Sant ki dispansan sante (klinik, sant psykiyatrik, sant ki dispansan swen bay refijye/imigran)
- Òganizasyon sivik

## Lis kontwòl pou Asistan Sosyal yo<sup>1</sup>

Genyen kèk pwèn kapital pou ou kapab efikas nan dispanse swen bay viktim trafik moun. Men yon lis kontwòl kisa Òganizasyon ki ape travay ak viktim yo ta dwe fè:

- Idantifye epi fè depistaj pou trafik moun (oka ou sispèk yon moun)
- Detèminen ki sèvis ki nesesè pou viktim trafik moun
- Ofri oswa refere Viktim yo nan Sèvis yo bezwen yo
- Evalye epi òganize pou sekirite Kliyan yo
- Kenbe konvèsasyon ak kliyan yo konfidansyèl
- Konprann sityasyon espesyal timoun yo konfronte
- Fè trening epi rete okouran sou sa ki gen pou wè ak trafik moun
- Travay an asosyasyon ak lòt Sant Sosyal yo epi ak otorite tankou lajistis
- Mete sèvis entèprèt ala dispozisyon kliyan yo
- Konprann kontèks kiltirèl ak reyalyte kliyan yo
- Garanti sekirite anplwaye ou yo

Pou non moun ou kapab kontakte pou asistans sou pwèn nou devlope nan pati sa a epi pou nenpòt ki lòt kesyon ou genyen ki konsènen resous disponib pou trafik moun, wap jwenn enfòmasyon sila yo nan paj 17 rive 19 nan liv sa a. encontrados en las páginas 17-19 de este manual.

## KONSÈY DEFANSE

### JWENN ENTÈPRÈT AK Lòt SÈVIS

**Fòk ou konnen ou pral mande èd tradiktè oswa lòt moun ki nan yon kominote kote trafikè yo gen relasyon solid, kidonk sa kapab fè viktim la kouri gwo risk. Kifè, li enpòtan pou etabli bonjan alyans lokal ak gwoup etnik kominote yo, epi tou ak sèvis entèprèt/asosyasyon tradiktè yo pou ou kapab aprann kilès ou kapab fè konfyans epi ki ape ede ou si ou ta bezwen asistans yo.**

<sup>1</sup>Depatman Timoun ak Fanmi Eta Florid, Biwo Sèvis pou Refijye epi Biwo pou Replasman Refijye Don No. LK061, ak Depatman Sante ak Sèvis pou Moun (Health and Human Services), finanse pwojè ki pèmèt Sant pou Avansman Dwa Moun Inivèsite Eta Florid a devlope lis kontwòl sila.

## RESOUS

### PWÒGRAM DEFANS AK ASISTANS VIKTIM ETA FLORID

Koalisyon kont Vyolans Nan Kay Eta Florid (FCADV) ■ 850/425-2749  
<http://www.fcadv.org> ■ Telefòn 24h/24h pou Vyolans Nan kay: 1-800/500-1119

Rasanbleman pou Libète nan Eta Florid (Florida Freedom Partnership) (FFP)  
(pou Komin Dade, Broward, Palm Beach, St. Lucie, Collier, ak Monroe) 866/443-0106  
(Lendi pou Vandredi 8 è nan maten rive 5 è nan laprè midi) ■ <http://www.floridafreedom.org>

Koalisyon Travayè Immokalee ■ 941/657-8311  
<http://www.ciw-online.org> ■ email: [workers@ciw-online.org](mailto:workers@ciw-online.org)

Konsèy Eta Florid Kont Vyolans Seksyèl  
<http://www.fcasv.org> ■ Pou enfòmasyon gratis rele nan 1-888/956-7273

### ASISTANS LEGAL

Sant Defans Imigran Eta Florid – Pwojè LUCHA  
305/573-1106 ■ <http://www.flacfla.org>

Sant pou Avansman Dwa Moun, Inivèsite Leta Eta Florid  
850/644-4550 ■ <http://www.cahr.fsu.edu>

FCADV Legal Hotline ■ 800/500-1119 x3

### PWÒGRAM GOUVÈNMAN AK OTORITE LAJISTIS

Biwo Avoka Etazini (Pwen Kontak Trafik Moun)

Tom Kirwin, Pwemye Asistan Avoka Etazini, Distrik Nò Eta Florid  
850/942-8430

Douglas Molloy, Asistan an Chèf Avoka Etazini, Distrik Mitan Eta Florid (Middle Florida)  
239-461-2225

Marvelle McIntyre-Hall, Asistan Avoka Etazini, Distrik Sid Eta Florid  
305/961-9430

Depatman Timoun ak Fanmi – Biwo Sèvis pou Refijye  
(ajans leta ki responsab bay viktim trafik moun ki sètifye yo asistans)  
850/488-3791 ■ <http://www.dcf.state.fl.us/refugee/programs.shtml>

Sèvis Espesyalize pou Refijye ■ 850/488-3791  
Broward, Jacksonville, Miami-Dade, Orlando, Palm Beach, Tampa

Depatman Lajistis, Eksplwatasyon Timoun ak Seksyon Obsenite/Divisyon Kriminèl  
<http://www.usdoj.gov/criminal/ceos>  
ak Seksyon Kriminèl/Divizyon Dwa Sivik  
<http://www.usdoj.gov/crt/crim/index.html>

Kò Espesyalize nan Trafik Moun ak Travayè  
<http://www.usdoj.gov/crt/crim/tpwertf.htm> ■ Toll Free Complaint Line: 888/428-7581

Dept. of State, Office to Monitor and Combat Trafficking in Persons  
<http://www.state.gov/g/tip>

Depatman Lasante ak Sèvis imen (HHS), Biwo Replasman Refijye (ORR)  
<http://www.acf.hhs.gov/trafficking>  
Liy telefòn HHS la 24 è sou 24 pou rapòte enfòmasyon sou trafik moun ak pou referans  
888/3737-888

Nimewo Telefòn gratis (ORR) pou Verifikasyon Trafik Moun  
(pou ajans yo konfimen endemnite yo) ■ 866/401-5510

Aplikasyon Viza T ak U ■ Dept. of Homeland Security Citizenship & Migration Services  
(Depatman Defans Etazini Sèvis Nasyonalizasyon ak Imigrasyon)  
Vermont Service Center ■ Attn: VAWA Unit, Box 1000  
75 Lower Welden Street, St. Albans, VT 05479-0001

## **ASISTANS POU TIMOUN KI VIKTIM TRAFIK MOUN**

Lutheran Immigration and Refugee Services (LIRS)  
(Sèvis Refijye ak Imigrasyon Literyen) ■ 410/230-2775 ■ <http://www.lirs.org>

United States Conference of Catholic Bishops Migration and Refugee Services (USCCB)  
(Sèvis Migrasyon ak Refijye Konferans Ameriken Evèk Katolik)  
202/541-3352 ■ <http://www.usccb/mrs.org>

## LÒT ENFÒMASYON ITIL

Kowalisyon pou Aboli Lesklavaj Coalition to Abolish Slavery and Trafficking (CAST)  
213/365-1906 ■ <http://www.castla.org>

Fon pou Prevansyon Vyolans Familyal (Family Violence Prevention Fund)  
415/252-8900 ■ <http://www.endabuse.org>

Rezo Libète (Freedom Network) ■ <http://www.freedomnetworkusa.org>

Pwojè Nasyonal Imigrasyon (National Immigration Project)  
617/227-9727 ■ <http://www.nationalimmigrationproject.org>

Pwojè Pwoteksyon (Protection Project)  
202/663-5896 ■ <http://www.protectionproject.org>

## RESOUS LITERÈ NOU ITILIZE NAN PWODIKSYON TILIV ENFÒMASYON SILA A

*Florida Responds to Human Trafficking* (Repons Eta Florid nan zafè Trafik Moun), 2003, Center for the Advancement of Human Rights, Florida State University, 850/644-4550, [www.cahr.fsu.edu](http://www.cahr.fsu.edu).

*Trafficking in Persons, A Guide for Non-Governmental Organizations* (Trafik Moun, Gid pou Òganizasyon Non Gouvènmantal yo), 2003, US Department of Labor in Collaboration with the US Departments of Justice, Health and Human Services, and State.

*Trafficking Consideration and Recommendations for Domestic Violence Advocates* (Konsiderasyon ak Rekomandasyon sou Trafik Moun pou Defansè Vyolans Nan kay yo), Asian and Pacific Islander Institute in Domestic Violence, 450 Sutter Street, Suite 600, San Francisco, CA 94108; 415/954.9988X315 <http://www.apiahf.org/apidoinstitute/Critical%20Issues/trafficking.htm>

*Florida's Trafficking Laws* (Lwa Eta Florid sou Trafik Moun), Chapter 2004-391, Senate Bill 1962, [http://election.dos.state.fl.us/laws/04laws/ch\\_2004-391.pdf](http://election.dos.state.fl.us/laws/04laws/ch_2004-391.pdf)





**Piblikasyon sa a jwenn finansman  
Biwo Replasman Refijye,  
ki fè pati Depatman Sante  
ak Sèvis Imen, Don #90ZV001**

**Koalisyon Eta Florid kont  
Vyolans Nan kay  
(Florida Coalition Against Domestic Violence)  
Tiffany Carr, Direktè Egzekitif  
Pwojè Trafik Moun  
Robin Thompson, JD, Direktè Pwojè  
850/425-2749**

